

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung déskripsi dina bab IV, aya tilu hal nu bisa dicindekkeun.

Frasa éksoséntrik téh mangrupa frasa nu diwangun ku unsur pananda jeung unsur aksis. Kapanggih aya 1133 frasa éksoséntrik anu frékuénsi makéna 1658. Éta frasa téh bisa dibagi-bagi dumasar kana 1) wanda, 2) struktur, jeung 3) patali harti antarunsur dina frasa éksoséntrik.

Wanda frasa éksoséntrik nyoko kana rupa-rupa frasa disawang tina wangun panandana. Aya dua rupa wanda frasa éksoséntrik, nyaéta frasa diréktif jeung frasa rélatif. Frasa éksoséntrik diréktif jumlahna leuwih réa (734 frasa kalayan frékuénsi 1151) ti batan jumlah frasa rélatif (339 frasa kalayan frékuénsi 507).

Tina jihat struktur, frasa éksoséntrik nyoko kana pola unsur-unsur pangwangun éta frasa boh frasa diréktif boh frasa rélatif. Frasa éksoséntrik masing-masing boga pola anu tangtu nyaéta  $K_{pt} + K_x/F_x$  jeung  $K_{rél} + K_x/F_x$ . Hartina frasa diréktif diwangun ku  $K_{pt} + K_x$  jeung  $K_{pt} + F_x$ . Frasa rélatif diwangun ku  $K_{rél} + K_x$  jeung  $K_{rél} + F_x$ . Frasa diréktif pola  $K_{pt} + K_x$  miboga dua sub pola nyaéta  $K_{pt} + K_B$  (584 frasa), jeung  $K_{pt} + K_{bil}$  (2 frasa). Frasa diréktif pola  $K_{pt} + F_x$  miboga dua sub pola nyaéta  $K_{pt} + F_B$  (142 frasa) jeung  $K_{pt} + F_{bil}$  (5 frasa). Frasa rélatif pola  $K_{rél} + K_x$  miboga tilu sub pola nyaéta  $K_{rél} + K_B$  (50 frasa),  $K_{rél} + K_P$  (148 frasa),  $K_{rél} + K_S$  (125 frasa). Frasa rélatif pola  $K_{rél} + F_x$  miboga opat sub pola nyaéta  $K_{rél} + F_B$  (11 frasa),  $K_{rél} + F_{bil}$  (hiji frasa),  $K_{rél} + F_P$  (41 frasa),  $K_{rél} + F_S$  (dua frasa).

Patali harti antarunsur pangwangun frasa éksoséntrik nyoko kana patali harti antarunsur diréktor atawa rélator. Kapanggih aya 12 patali harti tina 14 nyaéta aya harti ‘akhir’, harti ‘alat’, harti ‘arah’, harti ‘asal’, harti ‘babandingan’, harti ‘bahan’, harti ‘pangbarung’, harti ‘panglaku’, harti ‘pangrandap’, harti ‘sabab’, harti ‘tempat’ jeung harti ‘tujuan’. Satuluyna, dumasar hasil analisis frasa rélatif, kapanggih dua patali harti antaunsur pangwangunna nyaéta patali harti ‘milik’ jeung patali harti ‘panangtu’. Tatali harti dina frasa éksoséntrik diréktif lolobana

nuduhkeun tatali ‘arah’, anu pangsaeutikna nuduhkeun tatali harti ‘babandingan’. Tatali harti dina frasa éksoséntrik rélatif lolobana nuduhkeun tatali ‘panangtu’ jeung nu pangsaeutikna nuduhkeun tatali harti ‘milik’.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun dina widang kabahasaan khususna dina élmu sintaksis. Dina widang kabahasaan dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran élmu sintaksis jeung jadi référénsi keur nu maca. Salian ti ngajembaran, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré kontribusi pikeun panalungtikan kahareupna nu baris dilaksanakeun.

Implikasi nu bisa dilarapkeun tina hasil ieu panalungtikan ngeunaan frasa éksoséntrik hususna dina pangajaran basa, bisa jadi référénsi pikeun nu maca, hususna pikeun bahan neuleuman élmu sintaksis.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan frasa éksoséntrik dina novél *Kembang Kembang Petingan*, tétéla yén panalungtikan ngeunaan frasa masih perlu ditalungtik kalawan leuwih jero, ku lantaran masih kénéh kurang pemahaman ngeunaan frasa basa sunda, utamana adegan frasa basa sunda. Hal ieu bisa jadi dibalukarkeun bédana cara makéna basa dina kahirupan sapopoé jeung basa tina karya sastra. Sangkan leuwih jéntré, perlu diayakeun panalungtikan nu ngaguar kana bubuk leutikna, hususna dina sumber data ieu panalungtikan atawa sumber data lisan.

Perlu diayakeun deui panalungtikan nu can kapanggih dina ieu panalungtikan, saumpamana dina adegan frasa, panalungtikan salajengna bisa neruskeun panalungtikan nu can kaguar dina ieu panalungtikan sangkan manggihan hal-hal nu anyar.